

Èske sifilis kapab trete?

Wi, anjeneral sifilis trete avèk piki antibiotik. Menm lè ou te fin trete san pwoblèm, ou kapab enfekte ankò si ou ekspoze ankò. Li enpòtan pou ou toujou sèvi ak kapòt chak fwa ou fè sèks pou redui risk pou gen sifilis ak lòt STI yo.

Èske patnè mwen ta dwe trete?

Wi. Si ou gen kontak seksyèl avèk yon patnè ki pat trete, ou kapab enfekte ankò.



Kisa ki rive si yon moun ki gen sifilis pa trete?

Si sifilis rete san trete, li kapab lakòz pwoblèm sante ki grav anpil. Enfeksyon ki rete anpil tan san tretman kapab domaje ògàn andedan an yo. An plis, moun yo ki gen sifilis gen plis chans pou yo vin gen VIH si yo ekspoze.

Èske sifilis kapab afekte yon fanm ansent ak fetis li?

Wi. Sifilis kapab lakòz pwoblèm pou yon fanm ansent ak fetis li.

Kijan ou kapab pwoteje tèt ou pou pa pran sifilis?

Sèl fason ki 100% efikas pou pa gen sifilis se pa fè sèks. Si ou fè sèks, ou kapab limite risk ou nan pran mezi sa a yo:


- Toujou sèvi ak yon kapòt latèks oswa poliyiretan oswa baryè (dig dantè) lè ou ap fè sèks nan dèyè, vajen ak/oswa nan bouch.
- Kapòt ki fèt avèk materyèl “natirèl” yo ka pwoteje ou kont gwo sèks men PA kont STI yo.
- Redui kantite patnè ou yo si ou chwazi pou fè sèks
- Pale avèk patnè ou sou kote li kanpe nan zafè STI epi pou fè tès
- Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou konsènan pratik seksyèl avèk plis pwoteksyon epi fè tès.
- Konprann si ou fè sèks pandan ou anba dwòg ak/oswa alkòl, sa kapab ogmante chans pou fè sèks san pwoteksyon

Pou plis enfòmasyon, ale sou sitwèb:

<http://www.bphc.org/whatwedo/sexual-health>
oswa <http://www.cdc.gov/std>

Haitian Creole | September 2015

Sifilis



Boston Public Health Commission
Infectious Disease Bureau
1010 Massachusetts Avenue
Boston, MA 02118
www.bphc.org
617-534-5611

Haitian Creole

Kisa sifilis ye?

Sifilis se yon Enfeksyon Moun Pran nan Fè Sèks (Sexually Transmitted Infection, STI) bakteri bay.

Kijan yon moun kapab pran sifilis?

Sifilis simaye ant moun ak moun nan kontak dirèk po-ak-po ki gen yon maleng sifilis. Maleng sifilis yo ou ka jwenn yo nan vajen, penis, anis, bouch, po bouch oswa nan rektòm. Sifilis kapab simaye pandan sèks nan vajen, anis, oswa nan bouch. Sifilis kapab transmèt menm si ou pa wè ni santi maleng sifilis la; konsa, moun kapab transmèt sifilis menm si yo pa konnen yo enfekte. Sifilis kapab transmèt tou de yon fanm ansent a fetis la.

Ou gen plis risk pou enfeksyon sifilis si ou:

- Fè sèks san ou san sèvi ak yon kapòt latèks oswa poliyiteran
- Gen anpil patnè seksyèl
- Gen yon lòt STI oswa VIH
- Fè sèks pandan ou anba dwòg oswa anba alkòl (mwens chans pou sèvi ak kapòt kòrèkteman)

Kimoun ki kapab gen sifilis?

Nenpòt moun ki aktif nan fè sèks kapab gen sifilis. Fè sèks san pwoteksyon (sèks san yon kapòt) ogmante chans pou yon moun pran sifilis. Pandan gason ansanm ak fanm yo riske pou yo gen enfeksyon an, plis pase mwatye nan ka yo rapòte nan Etazini se nan gason ki fè sèks avèk gason parèy yo (MSM).

Kisa sentòm sifilis yo ye?

Sentòm sifilis yo differan, tou depan de etap maladi a. Maladi a gen kat (4) etap: premye, dezyèm, inaktif ak twazyèm.

Sentom Premye Etap yo

- Yonn oswa plis maleng ki pa fè mal (chank) nan pati jenital oswa nan bouch, anis, oswa rektòm.
- Maleng nan dire 3 a 6 semèn, epi li ale poukont li. Men, si ou pa swiv tretman, maladi a antre nan pwochen etap la.

Sentòm Dezyèm Etap yo

- Gratèl nan men ak pye oswa nan lòt pati kò ou. Gratèl yo anpil fwa gen koulè wouj oswa mawon, epi anjeneral yo pa gratare.
- Kèk nan lòt sentòm yo se lafyèv, gòj fè mal, doulè miskilati, maltèt, cheve ki ap tonbe ak sansasyon fatig. Sentòm yo ka ale poukont yo. Men, si ou pa swiv tretman, maladi a prale nan pwochen etap la.

Sentòm Etap Inaktif yo

- Ou pa gen okenn sentòm, men maladi a fasil pou detekte avèk yon tès san. Etap sa a kapab dire anpil ane.

Sentòm Twazyèm Etap yo

- Sentòm yo kapab gen ladan yo difikilte pou fè mouvman ak bra ak janm ou yo, paralizi, pa santi anyen, ou vin avèg ak maladi kè.

Pandan konbyen tan yon moun ki enfekte kapab simaye sifilis?

Moun ki pa trete yo pi kapab transmèt enfeksyon an nan premye ane enfeksyon an. Tank yon moun ki enfekte pase plis tan san trete, se tank moun sa a ap gen plis chans pou gen pwoblèm ki dire anpil tan.

Kijan mwen kapab konnen si mwen gen sifilis?

Sèl fason pou sèten ou gen sifilis se fè tès la. Anjeneral, yon pwofesyonèl swen sante teste moun pou sifilis ak yon echantyon san. Paske sifilis ki pa trete kapab lakòz pwoblèm pou yon fetis, tout fanm ansent yo ta dwe fè tès pou sifilis. Moun ki nan aktivite seksyèl ki mete yo nan risk pou gen sifilis ta dwe teste regilyèman pou yo kapab jwenn tretman pi vit si yo enfekte.

Ki kote mwen kapab teste?

Pifò pwofesyonèl swen sante yo ofri tès pou sifilis ak lòt STI yo. Pou jwenn swen sante ki toupre ou, rele Liy Sante Majistra a nan nimewo 617-534-5050 oswa ale sou sitwèb <http://www.hivtest.org/STDTesting.aspx>.

